Муниципальное учреждение «Отдел образования Шалинского муниципального района»
**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА № 2 С. БЕЛГАТОЙ**
**ШАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА»**
**(МБОУ «СОШ № 2 с. Белгатой Шалинского мунииципального района»)**

Муниципальни учреждени «Шелан муниципальни кIоштан дешаран дакъа»
**Муниципальни бюджетни йукъарадешаран учреждени**
**«ШЕЛАН МУНИЦИПАЛЬНИ КIОШТАН**
**БЕЛГIАТОЙ-ЭВЛАН № 2 ЙОЛУ ЙУККЪЕРА ЙУКЪАРАДЕШАРАН ШКОЛА»**
**(МБЙУУ «Шелан муниципальни кIоштан БелгIатой-Эвлан № 2 йолу ЙУЙУШ»)**

| **СОГЛАСОВАНО:** | **УТВЕРЖДАЮ:** |
|---|---|
| Заместитель директора по ВР<br>Мирзаева Л.М. | Директор МБОУ «СОШ № 2 с.Белгатой»<br>Муциев А.С.<br>Приказ № 92 от 30.08.2025г |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат: 00B76E628F5DF83F31F008159C2FA266E3
Владелец: Муциев Абубакар Саидович
Действителен: с 29.11.2024 до 22.02.2026

# ДОПОЛНИТЕЛЬНАЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ОБЩЕРАЗВИВАЮЩАЯ ПРОГРАММА
## «Исбаьхьаллин литература»

**Направленность: Чеченская литература**
**Уровень программы: базовый**
**Возраст обучающихся: 11 – 14 лет**
**Учитель: Сайдуллаева Д.В.**

**Белгатой 2025г.**

## Кхеторан кехат

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу бахьано хьелаш кхуллу цуьнан 1алашбаран а, кхиоран эшар. 5-9 классашкахь «Ненан мотт а, ненан меттан литература а» предметан декъахь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) меттан литература санна, иза хьажийна йу дешархойн интеллектуале-довзаран, коммуникативе, исбаьхьаллин-эстетикин пох1маш кхио а, коьрта г1иллакхе-этикин кхетам кхолла а, личностана нохчийн къоман культура марзйан а.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет – иза беран интеллектуале а, г1иллакхе-этикин а кхиаран т1ег1а къастаден гуманитарни дешарх коьрта предмет йу. Литературин дешаро аьтто бо йешаран маь1на а девзаш, литература 1аморо шегахь къонахчун амал кхиайой а хууш, шен дуьненхьежамна дашца а, йозанца а бух бало а хууш, адамца а, йукъараллица а йаза хууш йолу кхетаме личность кхио.

Программо чулоцу кхеторан кехат а, предмет карайерзоран кхочушдан лору жам1аш а, предметан чулацам а, программин х1ора дакъа карадерзо билгалдаьхначу сахьташца йолу тематикин планировани а, урокал арахьарчу г1уллакхдаран план а.

Карара программа бух хилла льатта авторийн дешаран программаш х1итторехь а, «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет хьоьхучу ненан (нохчийн) меттан а, литературин а хьехархойн белхан программа х1отторехь а. Авторийн а, белхан программаш х1итточара а хьехаран материал къепе йалорехь и 1амо раж къасто а, дакъойн а, теманийн а сахьташ д1асхьадекъа а шен некъ кховдо а мега.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

Литература уггаре эвсаре г1ирс бу шен кхачаме стаг хила (ша шен кхето, ша шен кхио), гонахьарчу хиламийн хьелашца тарвала, иштта кхоллараллин жигараллин стимулятор а йу.

Ненан меттан литература 1аморо д1алоцу личность кхиоран процессехь коьрта меттиг, иштта 1аморо аьтто бо цуьнгахь къонахалла, г1иллакхе амал, кхоллараллин пох1ма кхиорехь, нохчийн халкъан дахаран философи йовзарехь а, карайерзорехь а, иштта доккха го до къоначу т1аьхьене къоман исторически зераш д1акховдорехь а. Билггал йолу 1алашонаш кхочушйаран дешаран материал вовшахтоьхна гуманизман критерешца, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллашца, пайдаэцархьама т1екхача йиш хиларца, актуале хиларца, поликультурица, ламасталлин классика а, вайзаманан литература а цхьаьнайарца, тематикин а, жанрийн тайпа башх-башха хиларца дог1уш ма-хиллара.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет 1аморо таронаш кхуллу дешархочун дешнийн база шорйан, церан къамелан культура, коммуникативни а, тайп-тайпана культурийн компетенцеш а кхио.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» курсан чулацам хьажийна бу дешархойн нохчийн литературин хьашташ кхочушдан, уьш нохчийн къоман культурина т1екхиарехь а, шеца иза 1алашйарехь а ша-тайпана эстетикин г1ирсаш хиларе терра.

Дешархошна дешар 1амор коьрта долчу декъана оьрсийн маттахь д1ахьучу йукъардешаран учрежденешкахь ненан мотт санна нохчийн мотт 1аморехь, нохчийн литература – иза дешаран предмет йу, нохчийн къоман исторех а, культурех а,

ламастех а хааарш схьаэца а, довза а таро луш, иштта иза культурин ша-тайпана йаздархочун кхоллараллa толлуш долу дакъа ду, кхечу кепара аьлча, шеца цхьаьна эстетикин г1уллакхдар а долу, йозанан къамелан г1уллакхдар ду; нохчийн литература т1ехьажийна йу 1илманан аг1онхьара дуьне довзарна а, иштта дешнийн кхоллараллин говзарийн мотт бовзарна а, йешаран культурин йукъара башхаллаш карайерзорна а, литературин говзарех кхетарна а, дашца шен амал билгалйаккхарна а, иза, исбаьхьаллин литературас ша-тайпанчу маттахь дуьйцуй хаийтарх кхетам кхолла а, ткъа литературин мотт йукъарчу меттан шолг1а система санна бу, цо кхуллу личностан синхаамийн дакъа, цуьнгахь ойланца х1уманан кеп х1отто а, ассоциаци йало а, логически ойла йан а, дешаран предмет хьажийна йу оцу дешаран предметехула кхочушхуьлу т1аьхьенера т1аьхьене нохчийн, оьрсийн, дуьненан культурийн оьздангаллин а, эстетикин а ламасташ д1акховдор.

**«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ 1АМОРАН 1АЛАШОНАШ**

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет 1аморо кхочушйан йеза рог1ера 1алашонаш:

- нохчийн литературехь эстетикин аг1онхьара кхеташ болу гуманистически дуьненхьежам, Россин йукъара гражданинан кхетам а, къоман синкхетам а, патриотан дог-ойла а йолуш, дукха къаьмнаш долчу Россин халкъех шен халкъ хиларх дозалла а хеташ йолу амал личностехь кхиор.
- нохчийн литература йовза лааран дог дар кхоллар, нохчийн къоман ширачу заманера схьайог1у культура мехалла хетар кхиор, дешархо шен къоман мотт а, культура а 1аморан кха т1е ваккхар, къоман культурин т1аьхьалонна йукъавалор.
- къоначу т1аьхьенехь д1айахначуй, карарчуй, йог1ур йолчуй заманийн уьйр ларйан йезаш хиларан кхетам кхиор а, нохчийн къоман культура ларйарехь жоьпалле хилар кхоллар;
- дукха къаьмнаш долчу Россин пачхьалкхехь личностана кхиаме социализаци а, ша шегахь стогалла кхиорна оьшу интеллектуале а, кхоллараллин а таронаш кхиайар.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет т1ехьажийна рог1ера хьесапаш кхочушдан:

- т1аьхьенера т1аьхьене историко-культурни, оьздангаллин, г1иллакхийн мехаллаш д1акховдоран хьокъехь ненан меттан нохчийн литературин маь1нех кхетар;
- ненан меттан нохчийн литературин историца йолу уьйр къастор, нохчийн литературехь йолу къоман ша-тайпана синъоьздангаллин а, материальни а нохчийн къоман культурин исбаьхьаллин шорталлех кхетам кхоллар;
- Россин Федерацин кхидолчу къаьмнийн литературин контекстехь нохчийн литература а кхуьу хилам санна цунах хааарш эцар; уьш вовшийн эр;
- нохчийн литературина бухе диллина культурин а, оьздангаллин а маь1на билгалдаккхар; йешначун хьокъехь мах хадош а, шена хетарг олуш а барта а, йозанца а къамел дан хаар;
- 1ер-дахарехь а, дешаран процессехь а нохчийн литературех пайдаэца хаар кхоллар;
- шен мукъачу хенахь йешарна ханна план х1оттор, нохчийн маттахь шена хазахета йешаран говзарш мехала хетар къастор а, бух балор а;

- нохчийн литературин говзарш системехь йешарца дуьне довза а, дуьненахь ша д1алоцу меттиг къасто а, адаман а, йукъараллин а йукъаметтигаллин гармонизаци латторан а хьашташ кхоллар;
- хаамийн хьостанашца болх бан хаар кхиор, Интернетера а, иштта кхийолчу хьостанашкара хаамашна презентаци йар а, кечйар а.

**ХЬЕХАРАН ПЛАНЕХЬ «НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН МЕТТИГ**

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан программа х1оттийна Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан коьртачу йукъарчу дешаран программи буха т1ехь, иза лерина йу дешаран 338 сахьтана. (5 кл. – 68 с.,6 кл. – 68 с., 7 кл. – 51 с., 8 кл. – 34 с., 9 кл. – 51 с.). Программин инвариантивни дакъош 1аморна лерина 296 сахьт ду. Белхан программа вариативни декъана программа х1оттийнчу авторша хаьржинчу говзаршна лерина йолу йешаран хенан резерв лаьтта 54 дешаран сахьтах.

**«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ**

Дешаран предметан чулацамо шена йукъалоцу литературин говзарийн а, церан авторийн а гайтар, иштта тематикин блокаш а: «Халкъан барта кхолларалла», «Нохчийн йаздархойн говзарш», «Кхечу къаьмнийн литература».

## ТЕМАТИКИН БЛОКАШ

**7 класс**

**Халкъан барта кхолларалла**

«Дади-юрт».
«Нохчийн шира илли».
«Сай» (халкъан илли).

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

М. Мамакаев «Даймехкан косташ».
Б. Саидов. «Вина йурт», «Деган аз».
1. Мамакаев. «Берзан бекхам».
Х. Ошаев. «Иччархо Абухьаьжа Идрисов».
А. Сулейманов. «Шуьнехь дош».
1. Гайсултанов. «Болат-гIала йожар»(дацдина).
А. Айдамиров. «МухIажарш».
Ш. Арсанукаев «Иманах дузийта дегнаш».
М. Кибиев. «Дош».
А. ДжунаидовА.«Х1оьънаш».
С. Гацаев. «Дарц».
А. Кусаев. «Амалехь диканиг».
Ш.Рашидов. «Ден весет».
М. Дикаев. «Нохчо ву со».
С. Дакаев.«Куйно хотту».
1. Шайхиев. «Ч1аг1о».
А. Бисултанов. «Хьайбахахь йазйина байташ».
В-Хь. Амаев. «Генарчу денойн туьйра».
С. Курумова. «Дохк» / (дакъа).

Ш. Окуев. «Сан хьоме Нохчийчоь».
С.-Хь. Нунуев «Юнус».
М. Бексултанов «Генара а, гергара а денош».
М. Ахмадов «Кхаа вешех туьйра».

**Кхечу къаьмнийн литература**

А. С. Пушкин «Iаьнан Iуьйре» (гочийнарг А. Сулейманов).
Альфонс Доде «ТIаьххьарлера урок».

**8 класс**

**Халкъан барта кхолларалла**

«Таймин Биболатан илли».
«Эвтархойн Ахьмадах илли».

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

Бадуев С. «Олдам».
М. Мамакаев. «Лаьмнийн дийцар».
М. Сулаев. «Цавевза доттагI».
А. Сулейманов.«Дог дохден цIе»; «Дахаран генаш».
1. Хамидов. «ДIа – коч, схьа – коч».
Ш. Арсанукаев. «Тимуран тур».
1. Шайхиев. «Дарцан буса».
М. Ясаев. «Тянь-Шанан лаьмнашкахь» (дакъа).
С. Яшуркаев. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх» (йацйина).
Л. Абдулаев. «Маьлхан каш».
М. Бексултанов. «Дика ду-кх хьо волуш»; «Дари».
А. Бисултанов. «ДегIаста»; «Халкъан илланчина».
С. Гацаев. «Кавказ»; «БIаьстенца къамел».
Я. Хасбулатов. «Дош» «Стаг хилла ваьллахь хьо ара».
М. Ахмадов. «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош».
Сатуев Х. «Нашха».

**Кхечу къаьмнийн литература**

Ладо Авалиани. «Хьаькхна буц».

**9 класс**

**Халкъан барта кхолларалла**

Турпалаллин иллеш «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу Эла Мусостан, Адин Сурхон илли».

«Таркхойн кIентан, Жерочун кIентан, Жумин Акхтулин илли».

Туьйранаш, шира дийцарш, аларш.

Шира дийцарш «Къиза Iадат», «Шотойн Аьстамар», «Исмайлин Дуда» Кицанаш, хIетал-металш. Назма/ Динан поэзин жанр (жанрашка хьажар).

**Нохчийн йаздархойн говзарш**

Нохчийн литературин бухбиллархойн (йаздархойн) кхолларалла: І.Дудаевн, М. Сальмурзаевн, І. Нажаевн, Ш. Айсхановн. Поэзига, прозига хьажар.

Ш. Айсханов «Мало-хало».

С. Бадуев. «Бешто».

Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІамах лаьцна говзарш.

І. Мамакаев «Дерриге а тІамна», «Даймехкан тІом болчохь», очерк «Турпалчу танкистан доьзал».

М. Мамакаев «И йоьлхуш йац», «КІиллочунна».

М. Сулаев «ГІовтта», «Малх тоьлур бу».

Х. Эдилов «Суьрте», «Кавказан аьрзу», «ТІемало – хьуна».

І. Мамакаев. «Кавказа латта», «ЙоІе», «Даге», «Сайн кІанте», поэма «Нохчийн лаьмнашкахь».

А. Айдамиров «КІант веллачу дийнахь» (дийцар).

М. Сулаев. «Сай»; Сох муха эр ду адам», «ДоІа», роман «Лаьмнаша ца диццдо» (кортош).

І.-Хь. Хамидов. «Лийрбоцурш».

С. Гацаев. «Буьйса хаза, буьйса тийна», «БІаьсте кхечи», «ХІай, йоІ, делхьа, собарде».

Н. Музаев. «Селима дуьйцу».

С. Курумова «Жарманан некъ».

М. Мусаев «Таймин Бийболат» (роман йукъара кийсакаш).

Р. Супаев. «Вайнехан халкъан иллеш», «Буьйса йу беттасе».

Х. Талхадов. «Шийла дарц цІевзинчохь»,«Сан ненан маттахь ас язйо».

Ш. Окуев «Лайн тІехь цІен зезагаш» (роман йукъара кийсакаш).

М.-С. Гадаев «Даймехкан лоьмашка», «ДоттагІашка».

И. Эльсанов «КІайн коч».

М. Ахмадов «Дечиган тайнигаш».

М. Бексултанов «Сан вешин тІехьийза йоІ».

Б. Гайтукаева «Зама», «Хьан цІийнах йара-кха со, Нохчийчоь, хьан цІийнах йара».

М. Айдамирова. «Лаьмнийн хІайкал» (кийсак).

А. Ахматукаев «Машаран хІайкалш» (Айдамирова Машаран «Лаьмнийн хІайкал» романах лаьцначу статьян кийсак)

## 7-9 чу классехь нохчийн литература хьехаран шеран рузманан хьесапаш 2024-2025 дешаран шо

| № п/п | Урокан ц1е | Сахьт | Терахь | |
|---|---|---|---|---|
| | | | хьесапца | билггал |
| | **Исбаьхьаллин литература** | | | |
| 1. | Литературин исбаьхьалла | 1 | | |
| 2. | Ваша воцчу Сийлахин илли» | 2 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | «Таймин Биболатн илли» | | | |
| | **Турплахойн дика вон амалаш йийцаре йар** | | | |
| 3. | «Дадин йуьрт йаккхаран илли» | 1 | | |
| 4. | “Дадин йуьрт йаьккхаран илли”- нохчийн къоман истори. | 1 | | |
| 5. | Турпаллалин илли башхаллаш | 1 | | |
| 6. | Нохчийн шира илли | 1 | | |
| 7. | Нохчийн шира иллех лаьцна | 1 | | |
| **8.** | ***Халкъан илли «Сай»*** | **1** | | |
| 9. | Саидов Б.С.»Вина йурт» | 1 | | |
| 10. | Мамакаев М.А. «Даймехкан косташ» | 1 | | |
| 11. | ***Классал арахьара дешар. 1.Хамидов. «Абубешар» дийцар*** | **1** | | |
| 12. | Мамкаев 1. «Берзан бехкам» | 1 | | |
| 13. | Ширачу заманахь ламанхойн луьра дахар гайтар | 1 | | |
| **14.** | **Тестировани** | 1 | | |
| | **Нохчийн йаздархойн говзарш.** | | | |
| 15 | Бадуев С-Салихьан кхоллараллин некъ. «Олдам» дийцар | 1 | | |
| 16. | Гайсултанов 1.»Болат-г1ала йожар» таллархойн йийсарш. | 1 | | |
| 17. | Айдамиров А. «МухIажарш» («Йеха буьйсанаш» романа йукъара кийсак) | 1 | | |
| 18. | Довзийтар. Дешархо хиларан искусство. | 1 | | |
| 19. | «Нохчийн йо1-къоман сий» | 1 | | |
| 20. | «Г1иллакх-оьздангаллех дийца вай». Нохчийн йаздархойн говзаршкахь хьешаца лело деза г1иллакх. | 1 | | |
| 21. | Сел сийлахь «йуккъера стаг»<br>(Мамакаев Мохьмадан дахарх а, кхоллараллах а ойланаш) | 1 | | |
| 22. | «Г1иллакх-оьздангаллех дийца вай». Нохчийн йаздархойн говзаршкахь хьешаца лело деза г1иллакх. | 1 | | |
| 23. | «Воккхачо аьлларг динарг дохко вер вац» (къамел) | 1 | | |
| 24. | Хамидов 1-Хь. «Экзамен хаттар» (инсценировка) | 1 | | |
| 25. | «Сий-ларам хьуна, хьомсара Нана» (стихотворенийн конкурс) | 1 | | |
| 26. | «Шен лаьтта т1ехь хьанал къахьегар» (проект). | 1 | | |
| 27. | «Къонахчун амалех лаьцна» (лекци) | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 28. | «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьокх» повестан исбаьхьаллин башхалла | 1 | | |
| 29. | «Поэзин мог1арерачу б1аьхочух дош»( 1. Кусаев) (дагалецаман суьйре) | 1 | | |
| 30. | «Шайн метта аш даха дитина дош» (д1акхелхина нохчийн журналисташ дагалоьцуш) | 1 | | |
| 31. | «Берахь 1амийнарг т1улга т1е йаздина йоза ду» (дискусси) | 1 | | |
| 32. | «Деза дуй доттаг1чуьнан дукъ?» дискусси. | 1 | | |
| 33. | Проект «Стаг цуьнан г1иллакхаша хазво» | 1 | | |
| 34. | «Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш (викторина) | 1 | | |
| 35. | «Декалахь дог хьостуш довха, сан нохчийн маттара илли» (Дагаев Валид дагалоцуш…) | 1 | | |
| 36. | Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай | 1 | | |
| 37. | Деца-ненаца хила йеза йукъаметтиг | 1 | | |
| 38. | «Нохчийн мотт-сан дозалла» (стихотворенийн конкурс) | 1 | | |
| 39. | Нохчийн доьзалехь хила деза г1иллакхаш (къамел) | 1 | | |
| 40. | Мамакаев М. «Лаьмнийн дийцар»; «Пондар» (стихотворени). | 1 | | |
| 41. | Лирически турпалхочун синхаамаш гайтар. | 1 | | |
| 42. | Сулаев М. «Цавевза доттагI»; «Органан йистехь» (стихотворени). | 1 | | |
| 43. | Нохчийн къоман Iадаташ: некъан а, шовданан а тIаламе йукъаметтиг а, доладар а. | 1 | | |
| 44. | Са ца лоьху г1уллакхаш. | 1 | | |
| 45 | Оьздангаллин декхарш. | 1 | | |
| 46. | Сулейманов А. «Дог дохден цIе» (стихотворени); «Дахаран генаш»/ (поэма). | 1 | | |
| 47. | Кхерчан йовхо, хьошалла. Поэмин лирически турпалхочун Даймахках, ламастех, сийх, доьналлех йолу ойланаш. | 1 | | |
| 48. | Лирически турпалхочун догдикалла, адаман Iеса ойланаш цIанйан лаам хилар. | 1 | | |
| 49. | Шайхиев I. «Дарцан буса» (стихотворени). ДоттагIаллин, вовшийн гIо даран, зеран, тешаман тема. Фольклоран тIеIаткъам. | 1 | | |
| 50. | Хамидов I. «ДIа – коч, схьа – коч» / (дийцар). Нохчийн литературехь юмор. Адаман синсакхталлаш Iорадахаран говзалла. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 51. | Яшуркаев С. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьокх» / (дацдина). | 1 | | |
| 52. | Спецпереселенцийн луьра а, сингаттаме а денош. Къоначу йоьIан аматехь Даймехкан васт гайтаран маьIна. | 1 | | |
| 53. | Халачу хьелашкахь коьртачу турпалхочун амал дIахIоттар. Турпалхочун а, Даймехкан а кхолламийн уьйр. | 1 | | |
| 54. | Бексултанов М. «Дика ду-кх хьо волуш»; «Дари»/ (дийцарш). | 1 | | |
| 55. | Дешархойн дахар, церан йукъаметтигаш, турпалхойн чоьхьара дуьне, оьздангаллин кхетам. | 1 | | |
| 56. | Бисултанов А. «ДегIаста»; «Халкъан илланчина» (стихотворени). | 1 | | |
| 57. | Даймохк хестор. | 1 | | |
| 58. | Машар, доьналла, майралла хастор. | 1 | | |
| 59. | Халкъан илли, халкъан иллиалархо, къонах – халкъан дахарехь церан маьIна. | 1 | | |
| 60. | М. Ахмадов «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош» (повесть). | 1 | | |
| 61. | Ахмадов Мусан говзарийн коьрта проблемаш, теманаш, турпалхой. | 1 | | |
| 62. | Ахмадов Мусан кхолларалле хьажар: дайн Iадаташна а, вайзаманан лехамашна а йукъара Iоттабаккхам, чолхечу дахаран галморзахаллаш, адаман йукъара эхь-бехк дIадалар, Iадаташ ларцадар, къоман Iадаташка лерам цахилар – къоман бохам бу, йаздархочун кхайкхам: оьздангаллех ца духуш, дахаран халонех чекхдовлар. | 1 | | |
| 63. | Гадаев М. «Рег1ара поп». Эдилов Х. «Сий делахь. Латта». | 1 | | |
| 64. | Хасбулатов Я. «Дош» /; «Стаг хила ваьллехь хьо ара». Дешан ницкъах а, маьIнех а оьздангаллин категорех санна. | 1 | | |
| 65. | Бицбан йишйоцу хиламаш | 1 | | |
| 66. | Дадин –Йурт 1819 шеран гуьйре<br>Дадин Айбика а, 1819-чу шарахь шайн дай баьхна юрт Дади-Юрт йагийначул тIаьхьа, йийсаре ца баха Терек хи чу лилхина 46 йоIах а лаьцна дийцар .Церан харжам - мостагIчунна хьалха ца довлар, шаьш сийсаз ца дитар - дуьхьалонан а, синан доккхаллин а билгало. | 1 | | |
| 67. | Петр Захаров.<br>1819-чу шарахь инарлийн Ермоловн а, Сысоевн а эскарша,<br>тIелатар дина йагийначу йуьртахь шен йеллачу ненан марахь карийна оьрсаша д1а вигна кхиийна суртдиллархо. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 68. | Зудчух дог лозуш хиларан ламасташна гIортор йар, доьзалан бух чIагIбар, коьртачу стеган – ненан дахарехь мехала хилар къаьсттина билгалдаккхар. | 1 | | |
| 69. | Дагаев Валид Шитаевич. | 1 | | |
| 70. | Иллин турпалхочун Даймахках, ламастех, сийх, доьналлех йолу ойланаш. | 1 | | |
| 71. | Лирически турпалхочун догдикалла, адаман Iеса ойланаш цIанйан лаам хилар. | 1 | | |
| 72. | Нохчийн халкъ махкахдаккхар. | 1 | | |
| 73. | Чолхечу дахаран галморзахаллаш; нохчийн къам оьздангаллех ца духуш, дахаран халонех чеккхдалар. | 1 | | |
| 74. | Йуьртара йаздархой, поэташ, композиторш Цуруев Шарип, Дагалаева Малик, Касумов Мохьмад, Шарипов Казбек, Кусаев 1адиз. | 1 | | |
| 75. | Нохчийн халкъан барта кхоллаpалла а, цуьнан тайпанаш а. | 1 | | |
| 76. | Сийлахь-баккхийчу оьрсийн йаздархоша А.С.Пушкина, М.Ю.Лермонтовс, Л.Н.Толстойс, А.А.Фета шайн кхоллараллехь нохчийн барта говзарех пайдаэцар. | 1 | | |
| 77. | Нохчийн халкъан туьйранаш. | 1 | | |
| 78. | Нохчийн халкъан шира дийцарш, хабарш, аларш. | 1 | | |
| 79. | Нохчийн халкъан эшарш. | 1 | | |
| 80. | Нохчийн халкъан кицанаш. | 1 | | |
| 81. | Нохчийн халкъан х1етал-металш. | 1 | | |
| 82. | Халкъан илланчаш . | 1 | | |
| 83. | Йоза кхолладалар а, исбаьхьаллин литература а. | 1 | | |
| 84. | Нохчийн йозанан историх лаьцна. | 1 | | |
| 85. | Дудаев 1. «Стоьмийн беш», «Колхоз -хочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел» - стихотворенеш. | 1 | | |
| 86. | Сальмурзаев Мохьмад. | 1 | | |
| 87. | «Кхетаме Хьамид» дийцар. Дийцаран мехалла. | 1 | | |
| 88. | «Кхетаме Хьамид» - дийцар. Дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | | |
| 89. | Нажаев Ахьмадан дахар а, кхоллаpалла а. | 1 | | |
| 90. | «Жа1у» - поэма. Поэмин коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | | |
| 91. | Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай | 1 | | |
| 92. | «Даймохк вайна цхьаъ бен ца белла…» Сулейманов Ахьмадан поэзех цхьа-ши дош | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 93. | Бадуев С. «Пет1имат» | 1 | | |
| 94. | Саидов Б. «Ненан мотт» | 1 | | |
| 95. | Хабаев И. «Бералла» | 1 | | |
| 96. | «Дуьненчу вала везачуьнга» | 1 | | |
| 97. | «Сан хьоме Кавказ» конкурс | 1 | | |
| 98. | А-Хь.Кадыров<br>Нохчийн Республикин хьалхара Президент, Россин Турпалхо. | 1 | | |
| 99. | Къоман маршо мехала йу массо хIуманел. Къоман маршонехьа къийсам латтийначу турпалхочун васт. | 1 | | |
| 100. | «Суна цкъа а ца лаьара паччахь хила. Къоман турпалхо хила лаам хилла сан даима а». А-Хь. Кадыров | 1 | | |
| 101. | Адам санна лара деза 1алам (проект) | 1 | | |
| 102. | Дерзоран урок | 1 | | |

**Хьехаран-методикин латтор**
**Хьехаран-методикин гIо-Iамат**

Арсанукаев А. М. Эдилов С. Э. Нохчийн литература. 9 классана коьртачу йукъардешаран ишколан Iамат. – Соьлжа-ГIала, 20I9.
Ахмадов М.М., Алиева З.Л-А. Нохчийн литература. 8-чу классана учебник-хрестомати. – Соьлжа-ГIала, 20I8.
Эдилов С.Э. Нохчийн литература. 5-чу классана учебник-хрестомати. – Соьлжа-ГIала, 20I8.
Эдилов С.Э. Нохчийн литература. 6-чу классана учебник-хрестомати. – Соьлжа-ГIала, 20I8.
Эдилов С.Э. Нохчийн литература. 7-чу классана учебник-хрестомати. – Соьлжа-ГIала, - 20I8.
Эдилов С.Э. Нохчийн литература. 9 классана коьртачу йукъардешаран ишколан хрестомати. – Соьлжа-ГIала: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 20I9.

**Iилманан литература**

Арсанукаев А.М. Язык, литература, школа. – Грозный, 20I0. – 3I5 с.
Гайтукаев К. В пламени слова. Критические статьи и исследования. – Грозный, I989. – 223 с.
Далгат У.Б. Литература и фольклор. Теоретические аспекты. – М.: Наука, I98I. – 303 с.
Джамбеков О.А. Жанровые и поэтические особенности чеченских героико-исторических песен илли. – Майкоп, 2008. – 230 с.
Джамбекова Т.Б. Фольклор как источник чеченской прозы XX в. – Майкоп, 20I0. – 236 с.
Довлеткиреева Л.М. Современная чеченская военная проза: историко-культурный аспект, жанровый состав, поэтика. – Грозный, 20I0. – 250 с.
Егорова Л.П. Актуальные проблемы литературного кавказоведения // Художественная литература и Кавказ. – Сочи, 2006. – I2-2I с.
Завриев М. В поисках художественного метода. Критические статьи. – Грозный, I988. – 66 с.
Ибрагимов Л.М. Этноментальные основы чеченской прозы. – Грозный, 20I2. – I67 с.
Ильясов Л. Культура чеченского народа. – М., 2009. – 264 с.
Инаркаева С.И. Эволюция жанров малой прозы в современной чеченской литературе. – Майкоп, I999. – 2I8 с.
Индербаев Г.В. Роль художественного конфликта в становлении, развитии и современном состоянии чеченской драматургии. – Майкоп, 2009. – 2I7 с.
Индербаев Г.В. Проблема национального и общечеловеческого в чеченской литературе. – Грозный, 2003.
Исмаилова М.В. Проблема традиций и жанровые разновидности в чеченском романе 80-90-х гг. XX в. – Майкоп, 2007. – 215 с.

Туркаев Х.В. Жажда неутоленная. – М.: Молодая гвардия, 2007. – 3I2 с.
Туркаев Х.В. О путях развития чеченской литературы. – Грозный: Чеч.-Инг. Книжное изд-во, I973. – I62 с.
Туркаев Х.В. Путь к художественной правде (Становление реализма в чеченской и ингушской литературах). – Грозный, I987. – 240 с.
Юсупова Х.В. Жанр повести в чеченской и ингушской литературах: становлении и развитие (20-30-е гг.). – М., 2000. – 2I5 с.

**Методикин литература**

Айдамирова М.А. Музейная деятельность по приобщению подрастающего поколения к культурно-историческому наследию. Учебное пособие. – Грозный, 20I8.
Арсанукаев А.М. Школехь исбаьхьаллин произведени таллар (Анализ художественного произведения в школе). – Грозный, 20I8.
Арсанукаев А. Нохчийн литература хьехаран методика (Методика преподавания чеченской литературы). – Грозный, I987. – I88 с.
Джамбеков О.А. Устное народное творчество. Учебное пособие для учащихся школ и студентов. – Грозный, 20I8.
Джамбеков О.А. Устное народное творчество чеченского народа. Учебное пособие для учащихся школ и студентов. – Грозный, 20I7.
Эдилов С.Э. Методическое руководство к учебнику-хрестоматии по чеченской литературе для 5 класса. - АО «ИПК «Грозненский рабочий», 20I8.
Эдилов С.Э. Методическое руководство к учебнику-хрестоматии по чеченской литературе для 6 класса. – Грозный: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 20I8.
Эдилов С.Э. Методическое руководство к учебнику-хрестоматии по чеченской литературе для 7 класса – Грозный: АО «ИПК «Грозненский рабочий» - 20I8.
Эдилов С.Э. Сочинени йазъян Iамор. Методическое пособие для учителей. – Грозный: АО «ИПК «Грозненский рабочий» - 20I8. - I59 стр.
Литература народов Северного Кавказа: Учеб. пособие / Под ред. Г.М. Гогеберидзе. – Ставрополь, 2004. – 292 с.
Эдилов С.Э. Методическое руководство к учебнику-хрестоматии по чеченской литературе для 6 кл. – Грозный, 20I6.
Мунаев И.Б. Поэтика чечено-ингушских героико-исторических песен илли. (Проблема формирования жанра и его системные связи). – М.,1981. – 215 с.
Мусукаева А.Х. Северокавказский роман: художественная и этнокультурная типология. _- Нальчик, I993. – I92 с.
Яндарбиев Х.Ш. Учебное пособие для учителей, студентов и преподавателей «Кавказ и русская литература». – Грозный, 20I7.

**Дошамаш, справочникаш**

Арсанукаев А.М. Нохчийн яздархой. Библиографин довзийтар (Чеченские писатели. Биографические и библиографические сведения). В 2-х т. – Грозный, 20I2.
Арсанукаев А.М. Нохчийн литературин Iилманан терминийн лугIат (Словарь литературоведческих терминов). – Грозный, 20I0.
Вагапов А.Д. Школьный орфографический словарь чеченского языка. – Грозный, 2020.
Ибрагимов Л. Толковый словарь чеченских фразеологизмов. – Грозный, 2005. – I28 с.
Ибрагимов Л. Словарь символов чеченской культуры. / Вестник Академии наук чеченской Республики. – Грозный, 20I0. №I. С. I6I-I67.
Кусаев А. Чеченские писатели. – Грозный, 2005. – 408 с.

**Хаамийн-ресурсийн латтор**

www. desharkho.ru – Чеченская электронная школа.
ps95.ru/dikdosham/ - Чеченско-русский, русско-чеченский онлайн-словарь.
www. urok95/ru.

**Йуххедиллар**

Урокашна арахьарчу мероприятийн рекомендаци йина ларам

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешаран» предметан чулацаман хьесап а деш, урокашна арахьарчу гIулакхаллина лерина сахьташ билгалдоху дешаран вовшахтохараллица. Карарчу программо тидаме оьцу дешархойн урокашна арахьара гIуллакхалла. «Ненан меттан (нохчийн)

литературин» предметан чулацамца доьзна урокашна арахьара гIуллакхалла кхочушдан лерина йу Нохчийн Республикин йуьхьанцарчу классийн дешархойн амале хьаьжжана а, къоман а, этнокультурин а башхаллашка хьаьжжана. Урокашна арахьарчу гIуллакхалла хьажийна ду дешархойн культурин-кхоллараллин гIуллакхалла, церан синъоьздангалла кхио а, оьздангаллин нийса харжам бан похIма кхио.